



BUPATI KLATEN

**SABDATAMA BUPATI KLATEN
WONTEN ING UPACARA MENGETI
HADEGING KABUPATEN KLATEN
INGKANG KAPING 219 (KALIH ATUS
SANGALAS) WARSA 2023 (KALIH EWU
TIGA LIKUR)**

SURYA KAPING 28 JULI 2023

Bismillahi rakhman nir rokhim;

Assalamu'alaikum warakhmatullahi wa barakatuh;

Sih wilasaning Gusti Ingang Maha Welas lan Asih, inggang hambabar kawilujengan, katentreman, miwah kamulyan, mugya tansah kajirwa lan kasarira dhumateng Kulo lan panjenengan sedaya lumebet lan waradin sagung dumadi.

- Dhumateng para sesepuh lan pinisepuh ing Kabupaten Klaten inggang tuhu kinabekten;
- Dhumateng para pangarsa ing Pamarintah Pusat lan Pamarintah Provinsi Jawa Tengah inggang kinormatan;
- Dhumateng anggota DPR RI Komisi IV (*sekawan*) - **Bapa H. Sunarna, SE.,M.Hum** inggang kinormatan;
- Dhumateng Bupati/Walikota ing Solo Raya utawi inggang hanyulih, inggang tuhu

kinormatan;

- Dhumateng para kadang Forkopimda Kabupaten Klaten ingkang kinormatan;
- Dhumateng Sekda Kabupaten Klaten, para Asisten, Staf ahli, anggota DPRD, Pangarsa OPD lan sedoyo para pangarsaning pamarintahan ing sadhengah tataran ingkang sinudarsana;
- Dhumateng para tokoh masyarakat lan tokoh agama ingkang sinuba ing pakurmatan ;
- Dhumateng para pangarsaning Organisasi Wanita, Organisasi keagamaan, Organisasi Kepemudaan ingkang kulo hormati;
- Dhumateng para tamu sinedhahan ingkang tuhu kinormatan ;
- Dumateng para penderek Upacara lan sedoyo wargo Kabupaten Klaten ingkang Bagyo Mulyo.

Alhamdulillahirobbil 'Alamin, Kanugrahan ingkang agung saking Allah Subhanahu wa Ta' allá, Gusti Ingkang Maha Mirah lan Maha Asih, Hanyarengi sumunaring suryo Bagaskoro ing wanci enjang meniko, mapan ing Alun - Alun Klaten, kula lan panjengengan sedaya saged kempal manunggal anggelar “UPACARA MENGETI HADEGING KABUPATEN KLATEN INGGKANG KAPING 219 (KALIH ATUS SANGALAS) WARSA 2023 (KALIH EWU TIGA LIKUR) kanti swasana kebak ing kawilujengan lan katentreman.

Dhumateng para pini sepuh, para kadang sutresna sedaya warga Klaten ingkang bagya mulya;

Kanthi pengetan Hadeging Kabupaten Klaten ingkang kaping 219 (*kalih atus sangalas*) punika

kula hanggadahi panyuwunan dhumateng sedaya para pangarsaning pamarintahan ing sadhengah tataran lan sedaya masyarakat ing Kabupaten Klaten mugyo saged gesang tembayatan kanti **SAIYEG SAEKA PRAYA** jumbuh kalian tema Pengetan Hadeging Kabupaten Klaten Warsa 2023 (*Kalih Ewu Tiga Likur*) meniko. Sedaya pangarsaning praja, lan ugi para bayangkari negari miwah warga ageng masyarakat Klaten tansah gotong royong lan guyub rukun hanyengkuyung mujudaken gegayuhan Kabupaten Klaten ingkang *maju, mandiri lan sejahtera*.

Dhumateng para pini sepuh, para kadang sutresna lan sedaya warga Klaten ingkang bagya mulya;

Wonten wekdal ingkang sae meniko

kepareng kulo ugi bade caos pirso dhumateng para sesepuh, pini sepuh dalasan para tamu sedayanipun lan para panderek upacara, bilih awit panyengkuyung panjenengan sedaya Kabupaten Klaten ing warsa 2023 (*Kalih Ewu Tiga Likur*) meniko piningan pangaji-aji saking pamarintah Provinsi menopo dene pamarintah pusat ing antawisipun :

- **Ingang sepisan** Kula minangka Bupati Klaten ngaturaken agunging panuwun awit saking panyengkuyungipun sedaya warga Klaten, piningan pangaji-aji **Satya Lencana Wira Karya** saking Presiden Republik Indonesia ing babagan pembangunan Kependudukan lan Keluarga Berencana ;

- **Inggang ongko Kalih** pangaji-aji saking Badan Pemeriksa Keuangan Republik Indonesia (BPK RI) babagan palaporan keuangan Warsa 2022 (*Kalih Ewu Kalih Likur*), awit pangaji - aji meniko Kabupaten Klaten kasil hanggayuh 5 (*Gangsal*) Opini Wajar Tanpa Pengecualian (WTP) turut temurut inggang sampun kawiwitan saking warsa 2018 (*kalih ewu wolulas*) dumugi 2022 (*kalih ewu kalih likur*);
- **Inggang ongko Tigo** pangaji-aji saking Kementerian Kesehatan babagan Klaten Bebas Virus Frambusia;
- **Inggang ongko Sekawan** pangaji - aji saking Kementerian Kesehatan babagan prestasi 96 % (*Sangang Dasa Enem persen*) UHC BPJS Kesehatan;

- **Ingang ongko Gangsal** pangaji-aji saking Ombudsman Republik Indonesia babagan Predikat Kepatuhan Standar Pelayanan Publik Warsa 2022 (*kalih ewu kalih likur*);
- **Ingang ongko Enem** pangaji-aji saking BNPB babagan Penanggulangan Bencana;
- **Ingang ongko Pitu** pangaji-aji Adipura saking Kementerian Lingkungan Hidup Republik Indonesia;
- **Ingang ongko Wolu** pangaji-aji saking Kementerian Pertanian babagan program pengembangan pertanian padi varietas Rojo lele Srinar, Srinuk;
- **Ingang ongko Sanga** pangaji - aji Kabupaten Layak Anak (KLA) Peringkat Nindya saking Menteri Pemberdayaan Perempuan dan Perlindungan Anak

Republik Indonesia,

- **Inggang onngo Sedasa** pangaji-aji Top Pembina BUMD warsa 2022 (*kalih ewu kalih likur*) saking Majalah Top Bisnis ;
- **Inggang onngo Sewelas** pangaji-aji Kategori Top Inovasi Percepatan Pemulihan UMKM saking Jawa Pos Radar Solo;

Sanesipun pangaji - aji kasebat, Pamarentah Kabupaten Klaten ugi kasil mbangun kutha Klaten antawisipun : **Mall Pelayanan Publik, Alun - Alun Klaten, Pasar Gedhe Klaten, Matahari Klaten** lan tasih kathah pembangunan sanesipun inggang sedoyo kolowau kangge warga Kabupaten Klaten inggang kulo tresnani.

Mugi - mugi pangaji - aji lan sedoyo pambangunan puniko dados panjurung tumuju

Kabupaten Klaten ingkang langkung mulya lan kuncoro hanjayeng bawono.

Sagung para rawuh lan sedaya penderek upacara ingkang winantu suka rahayu;

Ing wekdal puniko, kulo ugi badhe atur pirso bilih Kabupaten Klaten ugi hanggadhahi **kawigatosan** mrih ngremboko produk-produk unggulan asli Kabupaten Klaten, kadosto **pari Rojolele Srinar Srinuk, kain batik, kain lurik, mebel, logam, keramik,** lan produk - produk unggulan UMKM Klaten sanesipun.

Pramilo kangge nepangaken produk unggulan Klaten dumateng masyarakat, ing wanci meniko kita sedaya anggrasuk busana **kejawen lurik klaten** kagem mangayubagyo

wiosan Kabupaten Klaten. Pangajeng - ajeng kulo mugi-mugi produk - produk unggulan Kabupaten Klaten saget pun tampi sedoyo masyarakat lan ngremboko sak indenging Nuswantoro.

Dhumateng para pini sepuh, para kadang sutresna sedaya warga Klaten ingkang bagya mulya;

Mekaten ingkang saged kula aturaken, ing mangajab sedaya pakaryan ingkang nembe lan badhe kita tindakaken wonten ing Pamarintahan Kabupaten Klaten saged nuwuhaken kasil ingkang langkung sae, manfaat, sarta saged mujudaken visi misi Kabupaten Klaten. Sugeng makarya, sugeng hanindakaken gati, mugi Allah *Subhanahu wa*

Ta'ala tansah hangijabahi sedaya dongo miwah panyuwunan sedayanipun. Kirang lan langkungipun nyuwun agunging pangaksami.

**Wisata Klaten Wonten Bukit Sidoguro;
Ngunjuk Kopi Mirsani Endahing Rowo;
Warga Klaten Tansah Saiyeg Saeko Proyo;
Mrih Klaten Kuncoro Hanjayeng Bawono.**

Cekap semanten, Matur Nuwun;

Wabillahi Taufiq wal Hidayah.

Wassalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh.

BUPATI KLATEN

Hj. SRI MULYANI, S.M.